

## **BAB 1**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Jawa Barat mangrupa salasa hiji provinsi di Indonesia anu beunghar ku kasenianana. Salah sahiji daérah di Jawa Barat anu boga poténsi kasenian nyaéta Kabupatén Karawang anu réa pisan rupa-rupa kasenian anu tumuwuh di Kabupatén Karawang di antarana Topéng Banjet, Kliningan, Bajidoran, Tanjidor, Réog, Pencak Silat, Wayang Golek, Degung, Sisingaan, jeung kasenian kreasi Topéng Kaléng.

Kasenian Topéng Kaléng salah sahiji kasenian daérah anu aya di Karawang, perenahna di Désa Tegalsari, Kecamatan Purwasari, Kabupaten Karawang. Ieu kasenian mimiti aya jeung diwanohkeun ka masarakat Karawang dina Taun 2011.

Bah Asoy, sesepuh Kasenian Topéng Kaléng nyebutkeun yén asal ieu kasenian téh mimitina tina kaulinan barudak Désa Pakopén. Tapi luyu jeung kamekaran jaman dina Taun 2011, Bah Asoy boga inisiatif mekarkeun kabiasaan anu ilahar dilakukeun ku barudak, jadi hiji kasenian anu bisa dipintonkeun nepi ka grup ieu kasenian dingaranan “Kasénian Topeng Kaléng Eloy Sinar Asmara”. Tapi dina Taun 2016 ngaranna diganti jadi “Kasenian Topeng Kaleng Sinar Pusaka Layung Kuning”

Sanajan ieu kasenian geus jadi pintonan jeung biasana dipintonkeun dina acara kawinan, nyunatan, atawa acara pamaréntahan, tapi acan réa masarakat di Kabupatén Karawang anu wanoh kana ieu kasenian. Kasénian Topéng Kaléng masih kénéh kalindih ku kasenian-kasenian modern, musik dangdut, pop, jeung réa-réa deui.

Kasenian Topéng Kaléng téh kamekaran tina kasenian Topéng Banjét Pendul. Anu ngabédakeun Kasenian Topéng Kaléng jeung Topéng Banjét Pendul téh nyaéta dina Kasenian Topéng Kaléng mah nu maénna barudak sarta waditra nu dipakéna dijieunna tina pakakas rumah tangga saperti kaléng, rantang, panci, kastrol, éMBER, jeung réa-réa deui.

Nurutkeun Koentjaraningrat (1985) kasenian téh mangrupa salah sahiji unsur budaya. Luyu jeung pamadegan Koentjaraningrat (1985), Sudira (2010, kc. 5) nétélakeun, yén kasenian dina widang kabudayaan gedé pakaitna jeung ajén-ajén budaya nyaéta, adat-istiadat jeung kapercayaan. Sistem ajén budaya séjénna anu aya hubunganana jeung seni nyaéta sistem ajén budaya anu biasana boga fungsi jadi pedoman hirup nu pangluhurna pikeun paripolah masarakat jeung ngandung ajén-ajén kahirupan.

Kasénian Topéng Kaléng ogé ngandung ajén-ajén kahirupan. Salian ti ngandung ajén-ajén kahirupan, Kasenian Topéng Kaléng ogé ngandung tanda-tanda anu tangtu. Aya sababaraha tanda anu nyangkaruk sarta kudu dipikaweruh sangkan bisa maham Kasenian Topéng Kaléng sagemblengna. Sangkan bisa ngahontal éta hal, urang Sunda, hususna urang Karawang dipiharep lain ngan ukur apal kana Kasenian Topéng Kaléng tapi kudu ngarti ogé pentingna maluruh kana tanda-tanda anu ngandung ajén kahirupan.

Patali jeung simbol anu mangrupa bagian ti sémiotik, tangtu moal leupas tina élmu sémiotik. Ari istilah sémiotik asal kecapna tina *semeoin* nu ngandung harti tanda. Jadi sémiotik nyaéta élmu anu maluruh kana sagala hal anu nyicingan hiji posisi salaku wawakil tina hal séjén (Isnéndés, 2009, kc. 39). Tiori sémiotik nu medar ngeunaan simbol salah sahijina nyaéta tiori sémiotik Pierce, anu nétélakeun yén aya tilu rupa tanda dumasar objekna tanda/*sign* téh ngawengku (1) ikon, (2) indéks, (3) simbol (Sobur, 2009, kc. 41), anu sakabéh tandana téh miboga sifat konvensional, nyaéta gumantung kana kasapukan masarakat di hiji daérah dimana éta tanda dipaké. Ku kituna, dina ngama'naan hiji hal atawa tanda téh, di hiji daérah jeung daérah séjénna téh béda-béda.

Hasil tina ieu panalungtikan téh di antarana bisa dipaké pikeun bahan ajar anu aya patalina jeung kabudayaan daérah. Saluyu jeung kurikulum 2013 di SMA/SMK/MA kelas XII aya pangajaran maca artikel budaya, anu boga fungsi pikeun ngeuyeuban pangaweruh siswa ngeunaan kabudayaan Sunda. Kasenian

Windy Aryani, 2017

**ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING**

**DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATEN KARAWANG**

**PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Topéng Kaleng téh mangrupa salasahiji kasenian anu aya di Jawa Barat. Ngaliwatan artikel budaya anu dijieun bahan ajar dina pangajaran basa jeung sastra Sunda ieu dipiharep masarakat kususna nonoman Sunda wanoh kana ieu kasenian. saterusna masarakat bisa ngamumule kasenian anu aya.

Panalungtikan nu medar ngeunaan Kasenian Topéng jeung simbol-simbol dina kabudayaan anu saméméhna geus dilaksanakeun di antarana: (1) “Kasenian Topéng Kaléng Sinar Asmara Éloy Grup di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupaten Karawang” ku Ai Nurhayati taun 2013 (2) “Ajén Estétika dina Kasenian Topeng Banjét “Pendul” di Désa Lemah dulur Kecamatan Tempuran Kabupatén Karawang pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya di SMA kelas XI” ku Fajriansyah Arif Noviar taun 2015, (3) “Tari Topéng Mak Yong di Sanggar Mak Yong Cilik Tanjung Pinang Provinsi Kepulauan Riau” ku Yulia Afrianti taun 2013, (4) “Tari Topéng Klana Karya Rd. Ono Lesmana Kartadikusumah di Sanggar Dangiang Kutamaya Sumedang” ku Gina Maryana taun 2013, (5) “Tari Topéng Barong di Sanggar Seni Sekar Pandan di Kompléks Keraton Kacirebonan Kota Cirebon” ku Rinny Yulianty taun 2013, (6) “Perkembangan Tari Topéng Tunggal Khas Betawi di Kelurahan Cibubur Kecamatan Ciracas Jakarta Timur” ku Tari Kartika Sari taun 2014.

Tina sababaraha judul panalungtikan anu ditataan, memang aya nu medar ngeunaan Kasenian Topéng. Sakumaha skripsi meunang Ai Nurhayati dina taun 2013 dina hasil panalungtikanana geus dipedar ngeunaan ulikan struktural jeung kumaha prosés ngawariskeun Kasenian Topeng Kaleng ti generasi ka generasi, tapi can aya nu nyukcruk jero medar ngeunaan simbol-simbol sémiotik dina Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang jeung dipakaitkeun kana bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar di luhur, perlu dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan simbol-simbol sémiotik anu aya dina Kasenian Topéng Kaléng. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Ulikan Sémiotik dina Kasénian

Windy Aryani, 2017

*ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING*

*DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATÉN KARAWANG*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Topéng Kaléng Sinar Pusaka Layung Kuning di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupaten Karawang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di Kelas XII SMA ”.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, panalungtik ngaidéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan. Masalah dina ieu panalungtikan nyaéta kurang mikawanohna masarakat kana kaseniana sorangan jeung kurangna panitén masarakat kana ajén-ajén anu nyangkaruk dina hiji kasenian (tanda), ku kituna dina ieu panalungtikan leuwih museur kana ulikan sémiotikna anu satuluyna ieu hasil panalungtikan dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang saméméhna, sangkan masalah dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, dirumuskeun dina kalimah tanya di handap.

- 1) Kumaha gambaran umum Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang?
- 2) Kumaha prak-prakanna pintonan Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang?
- 3) Unsur sémiotik naon waé anu nyangkaruk dina Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan kasenian Topeng Kaleng pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Windy Aryani, 2017

*ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING  
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATÉN KARAWANG  
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, ieu panalungtikan miboga tujuan umum, nyaéta pikeun nyangking gambaran umum ngeunaan Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang sarta nganalisis tanda-tanda anu nyampak di jérona.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- 1) gambaran umum Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang;
- 2) prak-prakan Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang;
- 3) unsur-unsur sémiotik anu nyangkaruk dina kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang;
- 4) ngalarapkeun hasil panalungtikan Kasenian Topéng Kaléng pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di Kelas XII SMA.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh ka masarakat dina hal budaya, khususna dina Kasenian nu aya di tatar Sunda pikeun maluruh tanda-tanda anu nyampak dina Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) masarakat dipiharep bisa numuwuhkeun kareeus kana budaya Sunda anu aya di sabudeureunana, anu satuluyna bisa numuwuhkeun karep pikeun ngariksa budaya Sunda;

Windy Aryani, 2017

*ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING  
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATÉN KARAWANG  
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) guru dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun bahan pangajaran maca artikel budaya ku cara maké simbol-simbol dina Kasenian Topéng Kaléng pikeun jadi bahan pangajaran;
- 3) siswa dipiharep bisa mikawanoh kasenian anu aya disabudeureunana jeung maham kana simbol-simbol dina Kasenian Topeng Kaléng; jeung
- 4) panalungtik dipiharep bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan Kasenian Topéng Kaléng, jeung numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda hususna kasenian anu aya di sabudeureun panalungtik.

### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi dipasing-pasing jadi lima bab di handap ieu, nyaéta:

#### 1) Bab I Bubuka

Dina bab 1 eusi nu dipedar nyaéta ngeunaan kasang tukang masalah, tujuan panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh éta mangpaat praktis atawa mangpaat tioritis jeung raraga tulisan.

#### 2) Bab II Ulikan Pustaka Tiori

Dina bab II dipedar ngeunaan tiori-tiori anu pakaitna jeung ulikan struktural tur sémiotik dina Kasenian Topéng Kaléng. Tiori anu baris dipedar nyaéta Kabudayaan, Kasenian, Kasenian Topéng Kaléng, Semiotik, jeung Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA kelas XII.

#### 3) Bab III Méthode Panalungtikan

Bab III eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, cara ngumpulkeun data, instrumén jeung téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

#### 4) Bab IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan

Windy Aryani, 2017

*ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING*

*DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATEN KARAWANG*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina bab IV dipedar ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan. Eusina medar ngeunaan analisis ulikan sémiotik dina Kasenian Topeng Kaleng Sinar Pusaka Layung kuning di Desa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupatén Karawang anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran disakola.

#### 5) Bab V Kacindekkan jeung Saran

Bab V eusina ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil panalungtikan anu ngawengku kacindekan jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.